

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 MéthodePanalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa élmu ngeunaan méthode-méthode nu bakal digunakeun dina ngalakukeun hiji panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2006: 151), méthode panalungtikan nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana.

Metode panalungtikan nu digunakeun bisa dipilih saluyu jeung masalah jeung tujuan panalungtikan nu bakal dihontal. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

Méthode déskriptif nya éta méthode nu ngaréngsékeun hiji pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, kalasifikasi data jeung ngahartikeun data (Surakhmad, 1985: 139-140).

Sedengkeun Kuswari jeung Hernawan (2011: 50), nétélakeun tujuan dina méthode déskriptif nya éta ngadéskripsikeun sacara sistematis, *faktual*, jeung *akurat* ngeunaan fakta jeung sipat populasi jeung ngajelaskeun fénoména *faktual* ku cara ngagunakeun angka-angka pikeun ngagambarkeun *karakteristik*.

Dumasar kana pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén méthode déskriptif nya éta méthode pikeun ngadéskripsikeun data, ngolah data, kamampuh maca dina hal ieu carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia).

### 3.2 Wangenan Operasional

- 1) kamampuh maca nya éta kaparigelan makéna basa anu bisa diukur boh sacara kuantitatif boh kualitatif maké alat ukur anu tangtu pikeun ngukur hiji perkara;
- 2) pamahaman nya éta prosés, cara atawa kalakuan ngamahamkeun hiji hal;
- 3) carpon atawa cerpen nya éta cerita fiktif anu eusina méré kesan lir enya-nya kajadian tur caritana pondok.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hal anu kawilang penting dina prosés panalungtikan, sabab kahontal henteuna tujuan panalungtikan nu dipiharep ditangtukeun ku alus henteuna instrumén. Sabab dina data anu diperlukeun pikeun ngajawab patalékan panalungtikan bakal kanyahoan tina instrumén nu digunakeun.

Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta wacana, tés, jeung angkét.

- 1) **Wacana.** Wacana anu digunakeun nya éta carpon (basa Sunda) anu dicutat tina kumpulan carpon pinilih majalah Manglé dina *KANAGAN 2* nya éta “Antara Kuring, Anjeun, jeung Manéhna” karya Popon Sa’adah, jeung cerpen (basa Indonesia) nu dipedal ku PT. Remaja Rosda Karyanya éta “Aminah” karya Marissa Haqqe Fawzi;
- 2) **Tés.** Tés anu digunakeun nya éta tés objéktif atawa tés pilihan ganda anu lobana 20 soal pikeun carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia) jeung éssayanulobana 8 soal campuran carpon jeung cerpen;

- 3) **Angkét.** Angkét anu digunakeun nya éta angkét *tertutup*. Angkét nu disadiakeun jeung jawabanana, réspodén langsung milih.

### 3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngahontal tujuan, nya éta studi pustaka, téhnik tés, jeung angkét.

#### 1) Studi Pustaka

Studi pustaka dilaksanakeun dina nganalisis masalah anu keur ditalungtik, sarta ngadeudeul tiori-tiori anu ngarojong kana hasil panalungtikan. Studi pustaka bisa narima informasi atawa data ngaliwatan telaah kana sababaraha sumber.

#### 2) Téhnik tés

Téhnik tés dilaksanakeun ku cara méré tés objéktif pikeun tés maca pemahaman wacana basa Sunda jeung wacana basa Indonesia.

#### 3) Angkét

Méré angkét dilaksanakeun sabada ngerjakeun tés maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia), anu eusina ngeunaan kagiatan sapopoé santri, aya dalapan pertanyaan.

### **3.5 Populasi jeung Sampel**

#### **3.5.1 Populasi**

Populasi nya éta sakabéh unit *elementer* nu ukuranana bakal katebak ngaliwatan itungan hasil analisis nu dilakukeun ku sampel panalungtikan.

Nurutkeun Soepeno (2002:82), populasi nya éta sakabéh subjék atawa objék nu jadi sasaran dina hiji panalungtikan.

Populasi nya éta wilayah *generalisasi* nu ngawengku ti obyék atawa subyék nu jadi kuantitas jeung karakteristik nu ditetapkeun ku panalungtik pikeun ditalungtik nu saterusna dijadikeun kacindekan kitu nurutkeun Sugiyono dina Riduwan(2010:7).

Subjék dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh santri Program Pesantren Mahasiswa Daarut Tauhiid Bandung. Tapi ku sabab aya sababaraha tinimbangan panalungtik, saperti samporétna waktu, waragad, sarta kaayaan santri, nu jadi objek dina ieu panalungtikan ngabalukarkeun ieu panalungtikan kudu diwatesanan.

Dumasar kana hal di luhur, objék panalungtikan diwatesanan nya éta santri PPM angkatan ka-4 anu jumlahna 45 santri.

#### **3.5.2 Sampel**

Sampel nya éta wawakil populasi anu rék ditalungtik atawa sabagian tina populasi salaku sasaran panalungtikan. Sampel mangrupikeun wakil sah ti populasi sasaran (Fathoni, 2006: 103).

Nurutkeun Sopeno (2002: 82), nétélakeun yén sampel téh nya éta sabagian tina populasi nu masih kapangaruhan ku sipat jeung karakteristik populasina pikeun dijadikeun panalungtikan.

Aya sababaraha téhnik dina nangtukeun sampel dina hiji panalungtikan, nya éta *probability sampling* jeung *nonprobability sampling*.

1) *Probability sampling*, nya éta téhnik sampling pikeun méré peluang nu sarua dina hiji anggota populasi pikeun dipilih jadi anggota sample. Dina *probability sampling* ieu dibagi deui jadi opat téhnik, nya éta *simple random sampling*, *proportionate stratified random sampling*, *disproportionate stratified random sampling*, jeung *area sampling*.

(1) *Simple random sampling*, nya éta cara milih sampel tina anggota populasi ku cara diacak jeung teu merhatikeun tingkatan dina éta populasi;

(2) *proportionate stratified random sampling*, nya éta cara milih sampel tina anggota populasi ku cara diacak jeung merhatikeun tingkatan sacara *proporsional*, dilakukeun ieu sampling mun anggota populasina teu sajenis (*heterogen*);

(3) *disproportionate stratified random sampling*, nya éta cara milih sampel tina anggota populasi ku cara diacak jeung *berstrata* tapi sabagianana aya nu kurang *proporsional* dina ngabagikeunana; jeung

(4) *area sampling*, nya éta téhnik sampling nu dilakukeun ku cara milih wakil tina unggal wewengkon nu aya.

2) *Nonprobability sampling*, nya éta téhnik sampling nu henteu méré kasempetan tina unggal anggota populasina pikeun dijadikeun anggota sample. Dina ieu

téhnik kabagi deui jadi genep téhnik sampling, nya éta *sampling sistematis*, *sampling kuota*, *sampling aksidental*, *purposive sampling*, *sampling jenuh*, jeung *snowball*.

- (1) *sampling sistematis*, nya éta milih sampel dumasar kana runtuyan tina populasi nu geus dibéré nomer atawa anggota sampel dipilih tina populasi jarak *interval waktu*, *ruang*, jeung jajaran nu sarua;
- (2) *sampling kuota*, nya éta téhnik nu nangtukeun sampel tina populasi nu miboga cicirén husus nepi jumlah nu diperlukeun dumasar kana tinimbang ti panalungtik;
- (3) *sampling aksidental*, nya éta téhnik nu nangtukeun sampel dumasar faktor *spontanitas*, hartina saha waé nu sacara teu sangaja papanggih jeung panalungtik jeung sasuai karakteristikna pikeun ditalungtik, éta nu jadi sampel;
- (4) *purposive sampling*, nya éta téhnik sampling nu digunakeun panalungtik anu miboga tujuan dina panalungtikanana;
- (5) *sampling jenuh*, nya éta téhnik milih sampel mun sakabéh populasi digunakeun pikeun dijadikeun sampel; jeung
- (6) *snowball*, nya éta téhnik sampling nu mimiti jumlahna saeutik tuluy anggota sampel (réspondén) ngajak babaturanana pikeun dijadikeun sampel nu saterusna jumlah sampel nambahan (Riduwan, 2010: 12-21).

Dumasar kana hal-hal di luhur, sampel dina ieu panalungtikan kagolong ngagunakeun téhnik *purposive sampling*, nya éta téhnik sampling nu digunakeun panalungtik anu miboga tujuan dina panalungtikanana. Sampel dina ieu

panalungtikan nya éta sakabéh santri mahasiswa asli urang Sunda, anujumlahna aya tujuh belas urang. Tujuanana nya éta pikeun bisa méré gambaran yén santri mahasiswa nu asli ti etnis Sunda téh miboga kamampuh dina maca pamahaman carpon jeung cerpen.

### **3.6 Prosedur Panalungtikan**

Dina prosedur panalungtikan dijelaskeun ngeunaan téhnik atawa cara panalungtikan anu dilaksanakeun dina sababaraha cara, nya éta ngumpulkeun data saperti ieu di handap.

#### **3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik dina ieu panalungtikan nya éta ku cara ngalaksanakeun tés. Tés digunakeun pikeun ningali kamampuh maca pemahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia).

Léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan pikeun ngumpulkeun data saperti ieu di handap:

- 1) Panalungtik ngajelaskeun heula téhnik dina ngayakeun tés;
- 2) ngabagikeun instrumén tés ka santri. Wacana anu digunakeun nya éta carpon “Antara Kuring, Anjeun, jeung Manéhna”;
- 3) carpon nu geus réngsé dibaca dikumpulkeun deui;
- 4) sanggeus sakabéh santri réngsé maca, panalungtik ngabagikeun soal tés anu kudu dipigawé ku santri;
- 5) sanggeus sakabéh santri réngsé ngerjakeun tés tuluy dikumpulkeun;

- 6) sanggeus dikumpulkeun tuluy ngabagikeun instrumén nu ka-2, nya éta cerpen (basa Indonesia) “Aminah”, aturanana sarua jeung instrumén carpon (basa Sunda);
- 7) saréngsena ngerjakeun kabéh instrumén, saban santri dibéré angkét.

### 3.6.2 Pedoman Peunteun Maca Pemahaman

Nurutkeun Istuningsih (1997:39), maham eusi bacaan bisa diukur ku cara ngitung persentase tina jawaban anu bener ngeunaan eusi bacaan. Cara ngitungna nya éta:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{skor jawaban bener}}{\text{skor total}} \times 100$$

Ku sabab jumlah soal maca pemahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia) téh 20 soal. Ku kituna, skor totalna 20. Jadi, pedoman peunteunna:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{skor jawaban bener}}{20} \times 100$$

Sabada meunangkeun peunteun ti pilih ganda, pikeun meunangkeun peunteun total nya éta hasil tina peunteun pilihan ganda ditambah peunteun essay dibagi ku lobana instrument nu dibikeun ka santri. Jadi, cara ngitungna nya éta:

$$\text{Peunteun total} = \frac{\text{peunteun PG} + \text{peunteun Essay}}{\text{lobana instrumén}}$$

Ku sabab jumlah instrumén nu dibikeun ka santri aya dua, nya éta pilihan ganda jeung éssay. Ku kituna, lobana instrumén dua. Jadi, pedoman peunteun totalna:

$$\text{Peunteun total} = \frac{\text{peunteun PG} + \text{peunteun Essay}}{2}$$



### 3.7 Prosedur Ngolah/Analisis Data

Data tina sampel dipaké pikeun ngajawab pasualan. Ku kituna, data perlu diolah sangkan bisa dipaké ngajawab pasualan. Prosedur ngolah datana nya éta:

- 1) mariksa hasil tés maca pemahaman carpon (basa Sunda);
- 2) mariksa hasil tés maca pemahaman cerpen (basa Indonesia);
- 3) mariksa hasil angkét santri Daarut Tauhiid;
- 4) méré skor kana hasil maca carpon (basa Sunda) jeung carpon (basa Indonesia) dumasar kana komponén-komponén nu aya dina instrumén;
- 5) ngadéskripsikeun peunteun kana tabél;
- 6) ngadéskripsikeun hasil angkét;
- 7) nyieun tapsiran;
- 8) Ngadéskripsikeun kamampuh maca carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia); jeung
- 9) Nyieun kacindekan.

### 3.8 Napsirkeun Skor

Sanggeus skor kanyahoan, tuluy nangtukeun tahap kamampuh maca pamahaman carpon jeung cerpen. Dumasar kana Penilaian Acuan Patokan (PAP) 70% maké rumus 100%. Sanggeus diitung maké éta rumus, diluyukeun jeung kriteria peunteun ieu di handap.

**Tabel 3.1**  
**Kritéria Peunteun Skala 100**

<b>No.</b>	<b>Skala Peunteun</b>	<b>Skor Dihontal</b>	<b>Tapsiran</b>
<b>1.</b>	91 – 100% = A	91 – 100	Luhur Pisan
<b>2.</b>	81 – 90% = B	81 – 90	Luhur
<b>3.</b>	71 – 80% = C	71 – 80	Sedeng
<b>4.</b>	61 – 70% = D	61 – 70	Handap
<b>5.</b>	... – 60% = E	... – 60	Handap Pisan

Réngsé napsirkeun kamampuh maca pamahaman carpon jeung cerpenunggal santri dumasar kana PAP 70%, saterusna napsirkeun boga henteuna kamampuh santri kana maca pamahaman carpon jeung cerpen.

Santri PPM angkatan ka-4 DT Bandung dianggap geus boga kamampuh maca pamahaman carpon jeung cerpen, lamun sakurang-kurangna nu boga kamampuh téh nya éta aya 70 atawa leuwih. Sabalikna dianggap can boga kamampuh, lamun kurang ti 70.

Sanggeus réngsé, bisa kapanggih kamampuh maca pamahaman carpon jeung cerpen santri Program Pesantren Mahasiswa angkatan ka-4 Daarut Tauhiid Bandung.